



**DISTRI LEKÒL KONTE MONROE
AKIZE RESEPSYON KONSÈNAN AKÒ SOU APARÈY MOBIL**

Non Elèv la: _____ Lekòl: _____

Depi w siyen paj akize resepsyon sa a, ou konfime ou te li **MCSO Akò Sou Aparèy Mobil** la epi ou dakò ak tèm ak kondisyon yo. W ap jwenn lis règleman yo sou <https://www.keysschools.com/Page/6571>.

AKIZE RESEPSYON: Elèv ak paran/Responsab Legal la rekonèt yo te fè lekti **Dekouvri Sèvis Swen Mobil (Mobile Care Services Discovery, MCSO) Akò Sou Aparèy Mobil** la, yo konprann li epi yo dakò pou yo rete kole ak tèm ak kondisyon yo. Elèv ak paran/Responsab Legal rekonèt anplis akò sa a reprezante konpreyansyon ak akò total ki negosye ant Komisyon Akademik Distri Monroe an ak paran/Responsab Legal ak elèv nan sa ki konsène dokiman sa a. Pa gen okenn deklarasyon, dispozisyon, akò oswa konpreyansyon kit li oral oswa ekri k ap valab oswa k ap aplikab oswa obligatwa si yo pa nan akò sa a. Akò sa a pa ka chanje, amande oswa korije san apwobasyon Komisyon Akademik Konte Monroe sou fòm ekri yon fason klè. Tout chanjman, koreksyon oswa amandman akò sa a Komisyon Akademik Konte Monroe apwouve a dwe fèt pa ekri.

SIYATI YO Si w resevwa yon **Aparèy Lekòl la Bay**, w ap montre w rekonèt pa mwayen siyati w tout dwa ak responsablite ki mache ak aparèy la epi remèt li.

SISTÈM KOMINIKASYON AN REZO (koche youn (1) sèlman):

_____ Mwen bay pitit mwen an pèmasyon pou l patisipe nan sistèm kominikasyon elektwonik Distri a (sa ki gen ladan l aksè nan entènèt).

_____ Mwen **pa** bay pitit mwen an pèmasyon pou l patisipe nan sistèm kominikasyon elektwonik Distri a (sa ki gen ladan l aksè nan entènèt).

KONSANTMAN POU PIBLIKASYON VIDEYO AK FOTO INAKTIF (koche youn (1) sèlman: Pandan ane lekòl la, elèv Distri Lekòl Konte Monroe toujou angaje nan aktivite ki mande pou pran foto epi devlopman videyo pou pwojè miltimedya, konsepsyon sit entènèt, anrejistreman videyo, foto anyè ak entèvyou.

_____ Mwen **bay konsantman** pou yo pran foto pitit mwen, fè videyo l oswa entèvyou ak li pou yo ta ka itilize nan jounal, televizyon, nan radyo, sou sit entènèt lekòl la epi nan pwodiksyon Konsèy Lekòl lan ap fè.

_____ Mwen **pa** dakò pou yo pran foto pitit mwen, fè videyo l oswa entèvyou ak li pou yo ta ka itilize nan jounal, televizyon, nan radyo, sou sit entènèt lekòl la epi nan pwodiksyon Konsèy Lekòl lan ap fè.

Non Paran/Responsab Legal la (ekri an lèt detache): _____ Date: _____

Siyati Paran/Responsab Legal la: _____

Imèl paran/Moun ki Responsab Legal la: _____

Telefòn Paran/Responsab Legal: _____ Lòt Telefòn: _____

REMAK: Aparèy sa yo Distri Lekòl Konte Monroe prete yo se pou li epi yo dwe remèt yo depi l mande sa.

POU ITILZE ANNDAN AN SÈLMAN:

Non Elèv la: _____ Lekòl #: _____

N° Seri Aparèy la: _____ N° Kontwòl Aparèy la: _____

Yo te verifye chajè a: WI NON Yo te verifye Aparèy Oksilyè yo: _____